

## Politik ak Pwosedè Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la

Sijè:	Anplwaye ki Afekte yo:	Politik #	Rev.
TRAVAY EGAL OPOTINITE/MENDEV DIVESITE AK ENKLIZYON	TOUT	HREW	13

### **OBJEKTIF**

Objektif politik sa a se pou afime angajman Cleveland Clinic ak prensip opòtinite egal pou travay ak divèsite mendèv epi enklizyon nan politik ak pratik resous zimèn li yo.

### **POLITIK**

Cleveland Clinic se yon patwon ki ofri opòtinite egal. Se politik Cleveland Clinic pou entèdi diskriminasyon ak asèlman tout kalite epi pèmèt opòtinite travay egal pou anplwaye ak kandida yo epi administre tout tèm ak kondisyon travay yo ki gen ladan yo, men ki pa limite ak, rekritman, anplwaye, pwomosyon, konpansasyon ak administrasyon salè, avantaj, transfè, fòmasyon ak edikasyon, kondisyon travay ak aplikasyon politik yo san konsidere ras, koulè, relijyon, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, gwosès, eta sivil, laj, nasyonalite, etnisite, zansèt, andikap, estati militè, enfòmasyon jenetik, oswa estati veteran pwoteje.

Politik ak prensip opòtinite travay egal yo aplike tou nan chwa ak tretman kontraktè endepandan yo, pèsònèl k ap travay nan lokal Cleveland Clinic lan yon ajans tanporè anplwaye ak nenpòt lòt antrepriz k ap fè biznis pou oswa avèk Cleveland Clinic.

Cleveland Clinic ankouraje tou yon kilti òganizasyonèl enklizif atravè divèsite nan edikasyon, konsiltasyon ak pwogram ki esplwate diferans yo pou ranfòse inovasyon, kalite swen, travay ekip, ak enpak ekonomik. Anplis sa, se politik nou pou nou ankouraje tout founisè, kontraktè nou yo, ak lòt enstitisyon k ap fè biznis ak Cleveland Clinic yo pou respekte menm prensip sa yo.


### **SIPEVIZYON AK RESPONSABLITE**

Resous Zimèn, nan kolaborasyon ak Biwo Divèsite an (Office of Diversity), responsab pou devlopman, revizyon ak sipèvizyon aplikasyon politik sa a. Dirijan Egzekitif, Administratè, Direktè, Jesyonè, ak Sipèvizè nou yo responsab pou mete an aplikasyon pratik opòtinite egal yo nan chak departman epi pou kenbe yon anviwònman travay k ap pèmèt chak anplwaye devlope talan epi kontribye nan devlopman potansyèl li nan pi wo nivo. Responsablite sa a genyen ladann nesosite total pou rapòte imedyatman bay Resous Zimèn nenpòt zak diskriminasyon aparant oswa asèlman swa ou temwen dirèkteman oswa yon lòt anplwaye atire atansyon ou sou li.

### **DISPOZISYON JENERAL YO**

#### **Kominikasyon**

Pral gen postè kont diskriminasyon nan nivo federal ak eta a k ap afiche nan kote ki vizib nan tout etablisman yo. Yo pale sou politik sou Opòtinite Travay Egal/Divèsite nan Mendèv ak Enklizyon nan manyèl anplwaye a tou.

<b>Dat Efektif:</b> 09/11/2009 02/01/2013	<b>Dat Piblikasyon:</b> 08/1982	<b>Moun ki Prepare li a:</b> Todd Kilpatrick	<b>Apwobasyon:</b>  J. Patrnochak	1 sou 2
---	------------------------------------	---	---	---------

## Politik ak Pwosedì Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la

<b>Sijè:</b> TRAVAY EGAL OPOTINITE/MENDEV DIVESITE AK ENKLIZYON	<b>Anplwaye ki Afekte yo:</b> TOUT	<b>Politik #</b> HREW	<b>Rev.</b> 13
---	---------------------------------------	--------------------------	-------------------

### **Pwosedì Plent**

Yon anplwaye ki genyen kesyon oswa enkyetid sou konpòtman oswa aksyon ki ka reprezante diskriminasyon oswa asèlman sou baz politik Cleveland Clinic oswa lalwa eta/federal yo, kit diskriminasyon an oswa asèlman an vize anplwaye a endividyèlman oswa yon lòt anplwaye, ta dwe kominike enkyetid sa yo bay sipèvizè li, administrasyon Resous Zimèn lan, Biwo Divèsite an (Office of Diversity), oswa Depatman Jiridik (Law Department) pou ankèt rapid, swivi ak aksyon pou reparasyon ki nesèsè.

### **Vyolasyon Politik yo**

Vyolasyon politik sa a, kit yo te vyole yon lwa ou pa, twouve li nan konfli dirèk ak misyon epi valè òganizasyon an fikse, entèfere ak kapasite nou pou kiltive oswa pou kenbe talan varye epi nou p ap tolere sa. Aksyon pou reponn lan gendwa genyen ladann, fòmasyon, konsèy referans, reafektasyon, ak/oswa aksyon korektif ki ka debouche sou revokasyon.

Nou pran fo ak move deklarasyon asèlman, diskriminasyon, oswa revanch seryezman epi nou gendwa pran aksyon korektif apwopriye kont sa a.

### **Deklarasyon pou Pa Fè Vanjans**


Cleveland Clinic entèdi vanjans kont nenpòt endividi ki depoze yon plent diskriminasyon oswa asèlman oswa ki ede nan yon ankèt yon plent konsa kit li te anndan oswa li te fè pati akizasyon yon ajans deyò.

### **BIWO K AP PIBLIYE A**

Relasyon Anplwaye, Resous Zimèn

### **REFERANS REGLEMANTASYON**

Pwosesis Rekritman  
Kont Diskriminasyon, Asèlman, Vanjans  
Aksyon Korektif

<b>Dat Efektif:</b> 09/11/2009 02/01/2013	<b>Dat Piblikasyon:</b> 08/1982	<b>Moun ki Prepare li a:</b> Todd Kilpatrick	<b>Apwobasyon:</b>  J. Patrnochak	2 sou 2
---	------------------------------------	---	---	---------